## V. XIZMETLER

Ekonomikanıń tiykarǵı tarawlarınan biri bolǵan xızmetler tarawınıń áhimiyeti júdá úlken. Islep shıǵarıw processleriniń quramalasıp atırǵanlıǵı, bazardı kúnlik hám individual talaplarǵa tán tutınıw tovarları menen toltırıw, innovacion rawajlanıwdıń jedel ósiwi jámiyet turmıs dárejesiniń jaqsılanıwına alıp keledi. Bular finans, transport, qamsızlandırıw hám basqa túrlerdegi xızmetlersiz ámelge aspaydı.

Xızmetler tarawında 16,1 mıńnan aslam kárxanalar hám shólkemler jumıs islep atır, bul kórsetkish ótken jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda 106,8 % ti quradı. Jańa kárxana hám shólkemlerdi ashıw, sonday-aq háreket etip turǵan kárxana hám shólkemler tárepinen innovacion texnologiyalardan paydalanıw hám kórsetilip atırǵan xızmetler túrlerin keńeytiw keleshekte jańa jumıs orınların kóbeytiw hám xalıqtıń turmıs dárejesin jaqsılawǵa imkan beredi.

**Xızmetler tarawında háreket etip turǵan kárxanalar hám shólkemler sanı,** *birlikte*
*(fermer hám diyqan xojalıqlarınan tısqarı) 2022 jıl 1 oktyabr jaǵdayına*



**2022 jıl 1 oktyabr jaǵdayına kárxana hám shólkemlerdiń ulıwma sanında xızmetler tarawında háreket etip turǵan kárxanalardıń úlesi,** *% te*
*(fermer hám diyqan xojalıqlarınan tısqarı)*




2022 jıl 1 oktyabr jaǵdayına xızmetler tarawında háreket etip turǵan kárxana hám shólkemler quramında eń joqarı úlesin sawda xızmeti menen shuǵıllanıwshı kárxana hám shólkemler 44,0 % quraydı.

Jasaw hám awqatlanıw tarawında háreket etip turǵan kárxana hám shólkemlerdiń úlesi 8,9 % ti quradı.

Xızmetler tarawında háreket etip turǵan kárxana hám shólkemlerdiń ulıwma sanında tasıw hám saqlaw túri menen shuǵıllanıp atırǵan kárxana hám shólkemlerdiń úlesi 6,1 % ke jetti.

Den sawlıqtı saqlaw tarawında háreket etip atırǵan hám sociallıq xızmetler kórsetiwshi kárxanalar hám shólkemlerdiń úlesi 2,9 % ti quradı.

Baylanıs hám málimleme xızmeti menen shuǵıllanıwshı kárxanalar hám shólkemler úlesi 2,4 % ke teń boldı.

2022 jıl yanvar-sentyabr aylarında bazar xızmetlerin islep shıǵarıwdıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha kólemi 7439,2 mlrd. sumdı quradı, sonnan awıllıq jerlerinde 1787,1 mlrd. sum xızmetler kólemin quradı. 2021 jıldıń yanvar-sentyabr ayına salıstırǵanda ósim páti 116,4 procentti quradı.

Xızmetler quramında eń úlken úles transport (jámi xızmetlerdiń 26,3 procenti) hám sawda 21,9 % ke, finanslıq xızmetler 21,8 % ke, bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler 6,6 % ke, basqa xızmetler 23,4 % ke tuwrı keldi.

**2022 jıl yanvar-sentyabr aylarında kórsetilgen xızmetler quramı, % te**



**Yanvar-sentyabr aylarında bazar xızmetlerin islep shıǵarıwdıń ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha quramı**

| | *hárekettegi kárxanalar sanı* | *mlrd. sum* | | *ósim páti, %* | *úlesi, %* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *2022 j.* | *2021 j.* | | |
| **Jámi xızmetler** | **7085,0** | **7439,2** | **5980,0** | **116,4** | **100,0** |
| *sonnan: xızmet túrleri boyınsha:* | | | | | |
| baylanıs hám málimleme xızmeti | 159,0 | 394,5 | 331,5 | 117,6 | 5,3 |
| finanslıq xızmetler | 103,0 | 1 620,0 | 1 278,2 | 122,5 | 21,8 |
| transport xızmeti | 773,0 | 1 956,5 | 1 492,9 | 127,2 | 26,3 |
| *sonnan:* avtotransport xızmetleri | 612,0 | 926,6 | 838,0 | 104,0 | 12,5 |
| jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 739,0 | 166,3 | 133,5 | 103,0 | 2,2 |
| sawda xızmetleri | 3559,0 | 1 626,6 | 1 388,3 | 104,2 | 21,9 |
| kóshpes múlk penen baylanıslı bolgan xızmetler | 227,0 | 173,1 | 148,8 | 109,4 | 2,3 |

*dawamı*

| | hárekettegi kárxanalar sanı | mlrd. sum | | ósim páti, % | úlesi, % |
|---|---|---|---|---|---|
| | | 2022 j. | 2021 j. | | |
| bilimlendiriw tarawındağı xızmetler | 223,0 | 492,7 | 380,4 | 120,0 | 6,6 |
| densawlıqtı saqlaw tarawındağı xızmetler | 274,0 | 97,1 | 79,9 | 110,2 | 1,3 |
| ijara xızmetleri | 70,0 | 137,4 | 116,1 | 111,4 | 1,9 |
| kompyuterlerdi hám turmıslıq tovarlardı ońlaw xızmetleri | 121,0 | 214,3 | 173,7 | 108,9 | 2,9 |
| basqa jeke xızmetler | 83,0 | 278,3 | 220,2 | 106,0 | 3,7 |
| arxitektura, injenerlik izleniwler, texnikalıq sınawlar hám analiz tarawındağı xızmetler | 93,0 | 81,1 | 66,9 | 110,9 | 1,1 |
| basqa túrdegi xızmetler | 661,0 | 201,3 | 169,6 | 110,6 | 2,7 |

Xızmetler quramında eń úlken úles transport (jámi xızmetlerdiń 26,3 procenti) hám sawda (21,9 procenti) xızmetlerine tuwrı keldi.

Sonday-aq, transport xızmetler (127,2 procent), finanslıq (122,5 procent), bilimlendiriw tarawındağı xızmetler (120,0 procent) ósim páti joqarı boldı.

**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha quramı,**
*(2022 jıl yanvar–sentyabr, aylarında jámine salıstırǵanda % te)*

| | |
|---|---|
| Transport xızmeti | 26,3% |
| Sawda xızmetleri | 21,9% |
| Finanslıq xızmetler | 21,8 % |
| Bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler | 6,6 % |
| Baylanıs hám málimleme xızmeti | 5,3 % |
| Jeke xızmetler | 3,7 % |
| Kompyuterlerdi hám turmıslıq tovarlardı onlaw | 2,9 % |
| Basqa túrdegi xızmetler | 2,7 % |
| Kóshpes múlk penen baylanıslı xızmetler | 2,3% |
| Jasaw hám awqatlanıw xızmetler | 2,2 % |
| Ijara xızmetleri | 1,9 % |
| Den-sawlıqtı saqlaw tarawındaǵı xızmetler | 1,3 % |
| Arxitektura, injenerlik izleniwler | 1,1 % |

Bazar xızmetleriniń ulıwma kólemindegi sawda xızmetleri  21,9 % úlesti quraydı. Sawda ápiwayı bólistiriw mexanizminen tutınıwshıǵa baǵdarlanǵan bazar talapların qáliplestiriw processleriniń aktiv qatnasıwshısına aylandı. Házirgi waqıtta, sawda xızmetleri ekonomikada kórsetilgen jámi xızmetler kóleminiń sezilerli bólimi bolıp esaplanadı.

**2022 jıl yanvar-sentyabr aylarında sawda xızmetleri quramı, % te**



## 2022 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha xızmetler islep shıǵarıw kólemi, mlrd. sum

| | | |
|---|---|---|
|  | Transport xızmetleri | 1956,5 mlrd. sum |
|  | Sawda xızmetleri | 1626,6 mlrd. sum |
|  | Finanslıq xızmetler | 1620,0 mlrd. sum |
|  | Basqa xızmetler | 516,9 mlrd. sum |
|  | Bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetler | 492,7mlrd. sum |
|  | Málimleme hám baylanıs xızmetleri | 394,5 mlrd. sum |
|  | Basqa jeke xızmetler | 278,3 mlrd. sum |
|  | Kompyuterlerdi tovarlardı ońlaw xızmetleri | 214,3 mlrd.sum |
|  | Kóshpes múlk penen baylanıslı bolǵan xızmetler | 173,1 mlrd. sum |
|  | Jasaw hám awqatlanıw xızmetleri | 166,3 mlrd. sum |

Usı jıldıń yanvar-sentyabr ayları dawamında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha kórsetilgen xızmetler ulıwma kólemde transport xızmetleri eń joqarı úlesti iyelegen bolıp, 1956,5 mlrd. sumdı quraǵan, 2021 jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 127,2 % ti quraǵan (2021 jılda 1492,9 mlrd. sum), sonday-aq kórsetilgen xızmetler kóleminde sawda xızmetleri 1626,6 mlrd.sum (2021 jılda 1388,3 mlrd. sum), finanslıq xızmetler 1620,0 mlrd. sum (2021 jılda 1278,2 mlrd. sum) hám bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetlerde 492,7 mlrd. sum (2021 jılda 380,4 mlrd. sum) esesine tuwrı keldi.

**Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha islep shıǵarılǵan bazar xızmetleriniń ósim pátleri, %**
*(2022 jıl yanvar-sentyabr ayları ushın)*




Sonıń menen birge, eń joqarı ósim pátleri transport xızmetleri (27,2%) ke finanslıq xızmetler (22,5 %) hám bilimlendiriw tarawındaǵı xızmetlerde (20,0 %) baqlandı.

Respublikamızda kredit siyasatı boyınsha alıp barılıp atırǵan reformalardıń dawam ettiriliwi finanslıq xızmetlerdiń ósiwine imkaniyat jarattı. 2022 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında finanslıq xızmetleriniń ósim páti 22,5 % ke ósti.

Zamanǵa say bank xızmetlerin kórsetiw, sonnan "sanlı" bankler hám usaqlap satıw xızmetlerin kórsetiwge qáliplestirilgen bank bólimlerin ashıw ushın innovacion bank texnologiyaların ámeliyatqa endiriw, aralıqtan turıp bank xızmetlerin kórsetiw, tólem sistemasın jánede rawajlandırıw finanslıq xızmetlerdiń tez pátler menen rawajlanıwına járdem beredi.

2022 jıl yanvar-sentyabr aylarında finanslıq xızmetler kólemi 1620,0 mlrd. sumǵa teń bolıp, 2021 jıl yanvar- sentyabr aylarına salıstırǵanda ósim páti 122,5 % ti quradı.

**2022 jıl yanvar-sentyabr aylarında finanslıq xızmetlerdiń quramı, % te**



**2022 jıl yanvar-sentyabr aylarında qala hám rayonlar boyınsha xızmetler islep shıǵarıw**

| | *Kólemi mlrd. sum* | *Ósim páti, % te* | *Xalıqtıń jan basına mıń sumda* | *Ósim páti, % te* |
|---|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **7 439,2** | **116,4** | **3 796,4** | **114,7** |
| Nókis q. | 3 100,4 | 114,2 | 9 359,7 | 112,3 |
| *rayonlar:* | | | | |
| Ámiwdárya | 379,2 | 115,4 | 1 839,7 | 113,3 |
| Beruniy | 370,8 | 110,0 | 1 865,8 | 108,2 |
| Bozataw | 39,5 | 115,3 | 1 806,0 | 114,9 |
| Qanlıkól | 101,2 | 110,9 | 1 921,8 | 109,4 |
| Qaraózek | 123,1 | 110,4 | 2 289,0 | 109,5 |
| Kegeyli | 135,6 | 110,9 | 1 837,6 | 110,2 |
| Qońırat | 1 114,4 | 141,3 | 8 351,4 | 139,7 |
| Moynaq | 90,7 | 111,1 | 2 731,2 | 108,9 |
| Nókis | 155,4 | 111,3 | 2 973,8 | 109,3 |
| Taqıyatas | 164,1 | 110,0 | 2 165,4 | 108,7 |
| Taxtakópir | 109,9 | 112,0 | 2 700,5 | 111,3 |
| Tórtkúl | 580,2 | 110,7 | 2 608,9 | 108,9 |
| Xojeli | 315,4 | 110,5 | 2 498,8 | 109,0 |
| Shımbay | 226,3 | 110,8 | 1 978,5 | 109,9 |
| Shomanay | 104,4 | 113,1 | 1 824,3 | 112,1 |
| Ellikqala | 328,6 | 114,0 | 1 983,0 | 112,1 |

Qala hám rayonlar kesiminde xızmetlerdiń eń joqarı ósim páti Qońırat rayonına (141,3 %) tuwra keldi.

Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha kórsetilgen xızmetlerdiń úlesin Nókis qalasına (41,7 procent), Qońırat rayonına (15,0 procent), Tórtkúl rayonına (7,8 procent) hám Ámiwdárya (5,1 procent) rayonlarına tuwra keledi.

Eń tómen ósim pátleri Beruniy hám Taqıyatas (110,0 %) rayonlarında baqlandı.

2022 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında xalıqtıń jan basına kórsetilgen bazar xızmetleri kólemi 3796,4 mıń. sumdı quradı. Ósim páti ótken jılǵa salıstırǵanda 114,7 % ti quradı.

Usı kórsetkish aymaqlar arasında Nókis qalasında 9359,7 mıń. sumnan tuwra kelse al Bozataw rayonında 1806,0 mıń. sumǵa shekemgi aralıqtı quraydı.

**Aymaqlar boyınsha xalıqtıń jan basına kórsetilgen bazar xızmetleriniń kólemi hám ósim páti**
*(2022 jıl yanvar-sentyabr ayları ushın)*




Xalıqtıń jan basına kórsetilgen xızmetler boyınsha eń joqarı kórsetkish Nókis qalasında 9359,7 mıń. sumǵa teń bolıp, ósim páti ótken jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 112,3 % ti quradı.

Bunnan tısqarı, xalıqtıń jan basına kórsetilgen xızmetler kóleminiń sezilerli ósiwi Qońırat (139,7 %), Bozataw (114,9 %), Ámiwdárya (113,3 %), Shomanay hám Ellikqala (112,1 %) rayonlarında baqlandı.

Xalıqtıń jan basına kórsetilgen xızmetlerdiń eń pás kórsetkishi, Bozataw (1806,0 mıń.sum), Shomanay (1824,3 mıń.sum) rayonlarında baqlandı.

**2022 jıl yanvar-sentyabr aylarında qala hám rayonlar boyınsha sawda xızmetler kólemi**



| | |
|---|---|
| Nókis q. | 396,8 mlrd sum |
| Tórtkúl | 244,4 mlrd sum |
| Ellikqala | 131,7 mlrd sum |
| Ámiwdárya | 131,2 mlrd sum |
| Beruniy | 128,2 mlrd sum |
| Xojeli | 107,1 mlrd sum |
| Qońırat | 100,8 mlrd sum |
| Shımbay | 73,6 mlrd sum |
| Taqıyatas | 53,4 mlrd sum |
| Nókis | 50,3 mlrd sum |
| Kegeyli | 44,3 mlrd sum |
| Qaraózek | 34,8 mlrd sum |
| Shomanay | 33,9 mlrd sum |
| Taxtakópir | 31,0 mlrd sum |
| Moynaq | 28,1 mlrd sum |
| Qanlıkól | 25,8 mlrd sum |
| Bozataw | 11,2 mlrd sum |

Sawda xızmetleriniń kólemi boyınsha eń joqarǵı kórsetkish Nókis qalasında (396,8 mlrd. sum), Tórtkúl (244,4 mlrd. sum) hám Ellikqala (131,7 mlrd. sum) rayonlarında baqlandı.

Sawda xızmetleri eń pás kórsetkish Bozataw (11,2 mlrd. sum) rayonında gúzetildi.

2022 jıl yanvar-sentyabr aylarında sawda xızmetleri kólemi 1626,6 mlrd. sumǵa teń boldı, ótken jıldıń sol dáwirine salıstırǵanda ósiw páti 104,2 % ti quradı.

**2022 jıl yanvar-sentyabr aylarında qala hám rayonlar boyınsha sawda xızmetleriniń ósim páti, % te**




2021-jıl yanvar-sentyabr aylarına salıstırǵanda sawda xızmetlerinde eń joqarı ósim pátleri Qanlikól (115,6 %), Shomanay (112,6 %) hám Shımbay rayonlarında (107,0 %) baqlandı.

Eń kem ósim páti Taqıyatas (96,9 %) hám Ámiwdárya rayonlarında (100,2 %) baqlandı.

**2022 jıl yanvar-sentyabr aylarında qala hám rayonlar boyınsha sawda xızmetleri úlesi, % te**



Sawda xızmetleri kóleminde eń joqarı úlesti qala hám rayonlar arasında Nókis qalası (24,4 %) hám Tórtkúl (15,0 %) rayonları iyeleydi.

Qala hám rayonlar arasında eń kem úles Bozataw (0,7 %), Qanlıkól (1,6 %) Moynaq (1,7 %) rayonlarına tuwra keledi.

2022 jıldıń yanvar-sentyabr aylarında transport xızmetleri kólemi 1956,5 mlrd. sumǵa teń boldı. Ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 127,2 % ti quradı.

**2022 jıl yanvar-sentyabr aylarında qala hám rayonlar boyınsha transport xızmetleriniń ósim páti hám kólemi**




Transport xızmetleri kólemi boyınsha eń joqarı kórsetkish Qońırat rayonında (830,0 mlrd. sum) hám Nókis qalasında (518,0 mlrd. sum) gúzetildi.

Transport xızmetleri kólemi boyınsha eń pás kórsetkish Bozataw rayonında (8,3 mlrd. sum) gúzetildi.